

**APLIKASI MÉTODE VISUALISASI KOLABORASI TINDAKAN (VIKA)
DIBANTU MÉDIA FLASH BERBASIS KOMIK DINA DIAJAR
NGADENGEKEUN CARITA PONDOK PESERTA DIDIK KELAS XI SMK
PASUNDAN 2 BANDUNG.**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan didasaran ku handapna kamampuh siswa dina ngaregepkeun téks carita pondok. Anu jadi sabab kurangna kamampuh siswa dina merhatikeun unsur-unsur pangwangunna dina téks carita pondok. Anu jadi sabab kurangna larapna métode jeung média pangajaran anu inovatif jeung kréatif ku para pendidik. Salasahiji métode pangajaran anu bisa dijadikeun alternatif nyaéta métode Visualization Collaborative Action (ViKA). Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho pangaruh ngagunakeun métode ViKA dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun bahan wangunan carita pondok siswa kelas XI. Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta métode ékspérimén kalawan Quasi-Experimental Nonequivalent Control Group Design. Data anu dikumpulkeun ngawengku hasil pre-test jeung post-test siswa kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, nya éta siswa kelas XI SMK Pasundan 2 Bandung. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén pangarang mampuh ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun métode ViKA kalawan peunteun 3,8. Hasil tina peunteun pratés ékspérimén rata-rata 38,08 sarta aya paningkatan dina hasil postés sanggeus ngalarapkeun ieu métode kalawan rata-rata 80,12. Sedengkeun rata-rata peunteun pratés kontrol nya éta 33,56 sarta ngaronjat kalawan peunteun 67,8. Ku kituna aya hasil anu béda antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Dumasar kana hasil panalungtikan, nu nulis bisa dicindekkeun yén larapna métode Collaborative Action Visualization (ViKA) dibantuan ku média flash berbasis komik dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok siswa kelas XI SMK Pasundan 2 Bandung geus suksés

Kata Konci: Métode ViKA, Diajar Ngaregepkeun Unsur Pangwangun Téks Carita Pondok.